

**TANDHA-TANDHA AKHIR JAMAN SAJRONE  
TEKS *SINGIR KIYAMAT*  
(TINTINGAN FILOLOGI)**

**Umi Azizah**

S-1 Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[umiazizah@mhs.unesa.ac.id](mailto:umiazizah@mhs.unesa.ac.id)

**Dra. Suwarni, M. Pd.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,  
Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Reriptan Jawa mujudake asil karya para pangripta kang medharake akehe kadadayan ing bebrayan. Salah sawijine asil karya kasebut yaiku teks *Singir Kiyamat*. Teks *Singir Kiyamat* ngandharake kadadayan-kadadayan nalika dina kiyamat. Kamangka, panliten iki nduweni kanthi irah-irahan tandha-tandha akhir jaman sajrone teks *Singir Kiyamat*.

Underaning prakara kang kapilih sajrone panliten yaiku: (1) kepriye dheskripsi teks *Singir Kiyamat*, (2) kepriye suntingan teks sajrone teks *Singir Kiyamat*, (3) kepriye tandha-tandha akhir jaman sajrone teks *Singir Kiyamat*. Tujuwan saka panliten yaiku: (1) ngandharake dheskripsi teks *Singir Kiyamat*, (2) ngandharake suntingan teks sajrone teks *Singir Kiyamat*, (3) ngandharake tandha-tandha akhir jaman sajrone teks *Singir Kiyamat*.

Panliten iki dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliti sastra Jawa anyar utawa sastra Jawa klasik kang nggunakake tingingan filologi, sarta bisa kanggo kawruh tumrap pamaca kang sadurunge durung magerteni ngenani kawruh kang kinandhut sajrone teks *Singir Kiyamat*. Kanggo ngonceki undheraning panliten ngenani teks *Singir Kiyamat* iki nggunakake tingingan filologi, lan tandha-tandha ing dina kiyamat.

Teori kang digunakake yaiku teori filologi modern lan struktur puisi. Konsep tandha-tandha digunakake kanggo medharake isi kang kinandhut sajrone teks *Singir Kiyamat*. Panliten iki nggunakake metodhe *deskriptif analitik*. Teori kang digunakake yaiku *hermeneutika* kanthi napsirake makna kang ana sajrone teks. Dhata-dhata sajrone panliten iki dikumpulake kanthi cara diwenehi tetenger nganggo tulisan ketik kang warna-werna rupane.

Asiling panliten nuduhake dheskripsi naskah, suntingan teks, sarta isine teks. Tandha-tandha sajrone teks *Singir Kiyamat* iki mung ana tandha-tandha ing padhang makhsyar kaperang dadi nem yaiku panase dina kiyamat, kumpule makhluk marang suwarga, jumenenge traju sipate gendera Akhmad, ngadege akehe gendera, ngadege makhluk, majinge kewan marang suwarga.

**Tembung wigati:** filologi, teks singir kiyamat.

**PURWAKA**

Bebrayan Jawa yaiku salah sawijining bebrayan kang nduweni *nilai-nilai* panguripan kang adiluhung. *Nilai-nilai* panguripan kasebut banjur diwujudake sajrone naskah kang dikenal bebrayan minangka sastra tulis. Sastra dianggep cara kanggo nata kahanan *sosial* bebrayan supaya bisa dadi tuladha lumantar kasusastraan. kamangka, sastra diripta kanthi pesen tartamtu kang kapengin ngandharake kanggo pamaos. Pesen kasebut nduweni tujuwan supaya pamaos bisa dadi manungsa kang becik sawise maca reriptan iku. Saka pamikire bebrayan Jawa lan *kreatifitas* banjur digambarake awujud sastra lumantar seratan arupa naskah.

Seratan kang arupa naskah kasebut yaiku awujud singir minangka salah sawijine singir agama kang ngrembaka ing masyarakat nganti jaman samangke. Singir kang diserat kanthi *tuntunan* Islam asring diwaca nalika pengajian ana ing desa-desa utawa ing pondhok pesantren. Biyasane ngandhut babagan kabecikan kanthi iringan rebana utawa piranti liyane. Saliyane isine ngenani ajaran agama singir uga ngandhut kritikan kanggo wong-wong muslim sarta ajakan-ajakan ing bab kang luwih becik. Kayata ngaji. Ngaji tegese ora mung maca Alquran, ananging kudu mahami aturan-aturan apa wae sajrone Alquran. Saliyane iku uga ngajak sinau.

Sinau yaiku ora mung nyinaoni syareat agama wae tanpa praktik sajrone urip ing sabendinane. Babagan kasebut mung ndadekake wong sing pinter ngomong kanthi teori tanpa menahi patuladhan kang becik.

Bebrayan Jawa uga minangka salah sawijining masyarakat kang nduweni budaya kang adiluhung. Anggone sinau kanggo ngasilake budaya wiwit jaman kang wis suwe nganti saiki sabendina saya ngrembaka. (Koentjaraningrat sajrone Suwarni, 2015:6) ana telung wujud budaya minangka asiling sinau manungsa yaiku: (1) Budaya *abstrak*, yaiku wujud kabudayan minangka babagan kang *kompleks* saka ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, aturan, lan sapiturute; (2) wujud kabudayan minangka babagan kompleks *aktivitas* sarta tindakan *berpola* saka manungsa sajrone bebrayan; (3) budaya *konkrit* minangka asiling karya manungsa. Bebrayan Jawa minangka bebrayan nduweni budaya kang *Heterogin* uga nduweni telu wujud kabudayan. Salah sawijining yaiku wujud *ideal* budaya Jawa kang asipat *abstrak*.

Andharan ngenani wujud kabudayan kang nuduhake salah sawijine budaya Jawa kang asipat ora nyata. akeh asil kang arupa budaya kang asipat nyata, yaiku awujud naskah-naskah kang wis kasimpen ana ing

museum lan diduweni pawongan pribadi (kanggo naskah pesisiran) naskah minangka wujud kabudayan kang nyata saka kabudayan kang pas kayata isine norma-norma, sistim nilai, pamawas kauripan lan sapiturute, kang nalika wektu iku dianut dening masyarakat. (Suwarni, 2015: 6-7).

Mula saka karya sastra awujud naskah kang nuduhake budaya asipat wis nyata kanggo disinaoni lan dicakake apa wae babagan kang bisa digawe patuladhan sajrone karya sastra kasebut. Naskah yaiku wujud tinggalane wong jaman biyen kang bisa aweh gegambarane ngenani panganjine sawernaning reiptan lan kawicaksanane pangripta. Naskah uga dipercaya dening bebrayan nyimpen kawruh lan pangaji ing njerone. Senadyan naskah iku asil karyane manungsa jaman biyen, nanging naskah-naskah iku isih dianggep duweni pangaji kang bisa narik kawigatene manungsa sajrone bebrayan, wiwit jaman biyen nganti jaman saiki.

Ngenani naskah kang isih nduweni pangaji-aji, naskah kasebut kang arep diteliti yaiku naskah kang arupa singir. Naskah-naskah kang ditulis utawa disalin dening pawongan jaman biyen antarane tema tauhid, teologi, lan fiqih. Ananging naskah kasebut arupa cetakan. Tema-tema mangkono minangka karya sastra tradhisional kanthi aran sastra kitab yaiku sastra kang ngandhut isi yaiku ngenani piwulangan Islam kang kaserat sajrone wujud prosa lan singir. Antarane naskah sastra kitab klasik kang adiluhung nilaine yaiku singir kiyamat kang minangka sastra kitab kaserat kanthi nggunakake basa Mlayu lan aksara Arab (pegon). Singir yaiku asale saka tembung syi'ir kang ateges *perasaan* (Suripan, 1975: 25). Dene syiir yaiku arupa geguritan utawa parikan. Nanging yen geguritan saben pada ngandhut *sampiran* lan isi, dene syiir saben pada ora nduweni *sampiran* nanging langsung isi (Fang sajrone Yunita, 2014: 3).

Teks *Singir Kiyamat* digunakake minangka objek panliten, jalaran naskah iki ngemu maneka warna kadadeyan-kadadeyan kayata kadadeyan sajrone dina akir lumantar kuwasane Gusti Allah SWT. Ngripta jagad gumelar lan isine mligine kanggo manungsa ing bebrayan agung. Kamangka manungsa iku bakal ngerti kakuwasan lan kagungan Allah SWT, sejatine tujuwan ngripta jagad gumelar iki ora liya mung kanggo ibadah, salah sawijining wujud ibadah yaiku tansah syukur nikmat kang disandhang, tawakkal, lan supaya bisa luwih cedhak dening kersane Gusti Allah SWT. Mula saka iku kanthi nyinaoni naskah iki bisa menehi tuntunan kanggo bebrayan, mligine para muslim supaya bisa tumindak bener lan pener sajrone panguripan.

Underane panliten iki ana telu, yaiku (1) kepriye dheskripsi Teks *Singir Kiyamat?*, (2) kepriye suntingan teks sajrone Teks *Singir Kiyamat?*, lan (3) kepriye tandha-tandha akhir jaman sajrone Teks *Singir Kiyamat?*

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake dheskripsi Teks *Singir Kiyamat*, ngandharake suntingan teks sajrone Teks *Singir Kiyamat*. lan ngandharake tandha-tandha akhir jaman sajrone Teks *Singir Kiyamat*.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Kang Saemper

- 1) Yunita Ayu Jayanti (2014) *Risalah Kiamat (Kajian Filologis dan Semiotik Terhadap Syiir Kiamat)*. Skripsi iki ngliti ngenani objek naskah *Kiamat* diserat mawa aksara Arab Pegon awujud Syiir, nanging nggunakake basa Indonesia. Yunita Ayu Jayanti ing panlitene ngandharake babagan semiotik kang ana sajrone naskah Syiir kasebut, lan isih kaperang maneh dadi telu yaiku: *tanda-tanda kiamat, peristiwa kiamat, lan makna sosial religius dalam Syiir kiamat*.
- 2) Ali Syuhada (2008) *Suntingan Teks dan Tinjauan Eskatalogi*. Skripsi iki ngliti ngenani objek hikayat kiyamat kaserat mawa basa Arab awujud prosa utawa hikayat. Ali Syuhada ing panliten iki ngandharake bab suntingan teks lan titingan *Eskatalogi* sajrone naskah hikayat kasebut. Andharan sajrone suntingan teks yaiku ngandharake ngenani panulisan-panulisan sajrone naskah kasebut, dene titingan *Eskatalogi* yaiku ngandharake ngenani kadadeyan-kadadeyan kang ana gayutane karo dina akir ing dina kiyamat mbesuk.
- 3) Titik Setyawati (1996) *Suntingan Teks dan Kajian Unsur Religius Naskah Kabar Kiyamat Kabir*. Skripsi iki ngliti kanthi objek naskah kabar kiyamat kabir kaserat nggunakake aksara Jawa. Titik Setyawati ing panlitene ngandharake ngenani suntingan teks lan titingan unsur religius yaiku diperang dadi sub-sub tema emosi keagamaan, sistim kapercayan, sistim upacara keagamaan, lan klompok keagamaan.

Adhedhasar panliten kasebut bisa digunakake minangka pambandhing lan referensi kanggo nggarap panliten iki. Panliten ana ing ndhuwur nduweni objek panliten kang beda karo liya lan liyane, semana uga kanthi cara ngliti utawa metodhe apa kang digunakake beda-beda cara nggarap panliten naskah mangkono. Padha karo saperangan asiling panliten iki ngandharake babagan kadadeyan-kadadeyan ana ing dina akir, kang ana sajrone Teks *Singir Kiyamat* asale saka Pondhok salah sawijine ing tlatah Lamongan. Saka objek kang beda iki, cetha yen panliten iki beda karo panliten-panliten liyane. semana uga mung njlentrehake dheskripsi naskah, suntingan teks lan isi sajrone Teks *Singir Kiyamat*, minangka saperangan titingan filologi.

### Filologi

Filologi asale saka tembung Latin, yaiku *philos* lan *logos*. *Philos* tegese “tresna (cinta)” lan *logos* tegese “tembung”. Dadi filologi kanthi harfiah nduweni teges tresna marang tembung utawa seneng marang tembung (Purnomo, 2007: 9). Saliyane iku filologi diperang dadi loro yaiku filologi tradisional lan filologi modern. Ing panliten iki nggunakake titingan sastra lawas kang ngudhal isi lan dheskripsi sajrone naskah, dadi filologi modern kang trep uga bakal nyengkuyung panliten iki.

Filologi modern yaiku nduweni tujuwan kanggo nitingi teks (Barroh-Barried, 1985: 3). Saka andharan mangkono, bisa didudut yen filologi modern nggunakake kanggo nganalisis isi teks. Laras karo pangrembakane

jaman, filologi ora mung mujudake sawijining katresnan marang tembung, nanging banjur dadi tresna marang kawruh (ilmu), filologi ora mung ditujokake marang teks. Nanging uga kawruh ngenani apa wae kang wis dingerteni manungsa. Maneka warna panliten ngenani filologi kang nduwe gambaran kagiyatan kreatif kanggo mangerteni, napsirake lan penerake teks kang kurang trep.

Filologi nduweni tujuwan tartamtu kaya dene ilmu liyane, miturut Baroroh Barried, dkk (1985: 5-6), nyebutake yen tujuwan umum yaiku: 1) mangerteni sekabehane kabudayan lumantar sastra lisan uga serat, 2) mangerteni makna lan fungsi teks sastra lawas utawa naskah kuna, 3) ngandhut nilai-nilai kabudayan minangka *alternatif* pangrembakane budaya. Semana uga tujuwan mligi antarane yaiku 1)nyunting teks, 2)medhar sejarah dumadine teks lan sejarah pangrembakane, 3)medhar resepsi pamaca.

Objek kajian filologi yaiku arupa teks, kamangka kang dadi punjere panliten yaiku naskah. Tembung filologi tegese ilmu kang medhar basa, kabudayan, pranata, lan sejarah salah sawijine sejarah bangsa kaya kang wis ana ing bahan-bahan kaserat. Istilah naskah kang digunakake bebrayan kanggo medhar paninggalan-paninggalan utawa warisan budaya kang kaserat ing jaman biyen, lan inti teks iku kasimpen sajrone naskah. Naskah-naskah kebak anggane kawruh lan pamawas, kayata naskah kang dadi objek utama iku yen diteliti isine nggunakake tintingan filologi, asil panliten kasebut bisa digunakake kanggo cabang-cabang ilmu liyane: hukum adat, pangrembakane agama, lan budaya. Kamangka saka iku asil panliten filologi arupa sumbang asih pamikiran kang gedhe paedahe mligine kanggo nepungake asil pamikir para leluhur supaya bisa dadi tuladha marang generasi mudha. Yen filologi dideleng saka tembung Arab *Tahqiq* yaiku sawijining upaya kanggo nyinaoni sawijining manuskrip utawa naskah kuna kasebut bisa disalin kanggo seratan tangan supaya bisa luwih gampang lan cetha anggane mangerteni. Tegese naskah ing kene yaiku sekabehe warisan kang diserat mbah buyut kita ana dluwang, kulit kayu, lan godhong lontar, uga diserat ana ing rotan.

### Teks *Singir Kiyamat*

Teks tegese ngemot bab naskah, babagan kang *abstrak* kang mung bisa dinalar wae. Pambeda antara naskah lan teks dadi cetha yen ana naskah kang gampang nanging ngandhut teks kang wis tuwa. Teks dumadi saka isi, yaiku ide-ide utawa amanat kang arep dijlentrehake panyerat marang pamaca lan wujud, yaiku carita sajrone teks kang bisa diwaca lan disinaoni miturut maneka pendekatan lumantar alur, perwatakan, gaya basa, lan sapiturute (Baried, 1994: 57).

Jlentrehan teori ing ndhuwur, teks yaiku kumpule pira-pira tembung kang dadi ukara kang arupa wacana uga nduweni isi tartamtu, yaiku arupa ide, pesen utawa amanat kang disampekake pangripta marang pamaca. semana uga sajrone teks naskah kitab *Jawahirul lil Tahmil* isine ngenai ajaran tasawuf sajrone piwulangan leleku filsafat, uga upaya nyedhakake marang pengeran kang maha kuwasa. Naskah kitab *Jawahirul Lil Tahmil*

nyimpen ide pamikiran lan amanat kang diwarisake mbah buyut marang generasi sabanjure kanggo ndadekake manungsa kang tansah bisa taqwa utawa luwih cedhak marang Gusti anggane ngibadah.

### Naskah Arab Pegon

Dheskripsi naskah yaiku jlentrehan utawa gegambaran ngenani kahanan teks lan isi teks, kanggo milih naskah kang apik kanggo ditranslitake lan digunakake kanggo pambanding naskah iku (Djmaris, 1977: 25). Miturut Purnama (2013: 40) ngandharake yen bab kang prelu diwedhar sajrone dheskripsi naskah yaiku 1) papan nyimpen naskah, 2) nomer (yen ana) ditulis kanthi jangkep, 3) panulis (bisa panyalin utawa panyerat), 4) ukuran naskah, jumlah kaca, 5) bahan naskah, 6) jumlah gatra saben kaca naskah, 7) jinis seratan, 8) kahanane tulisan, 9) kahanan naskah umume.

Dheskripsi naskah sajrone panliten filologi kang nduwe tujuwan menahi pawarta kahanan fisik naskah kang arep diteliti, kamangka dheskripsi teks tujuwane kanggo medharake kahanan nonfisik naskah kang diteliti amarga ana kasunyatanane teks nduweni *varian* kang akeh iku amarga anane tradhisi nyalin naskah (Mulyani, 2009: 31). Metodhe kang digunakake sajrone dheskripsi naskah yaiku dheskriptif, sekabehane naskah didhetskripsikake kaliyan wujud kang padha, kayata nomer naskah, ukuran naskah, kahanan naskah, serata naskah, basa, kolofon, lan isine crita. (Djamaris, 2002: 11).

### Transliterasi Naskah

Transliterasi utawa alih aksara yaiku ngganti aksara siji lan aksara liyane saka tembung siji lan tembung liyane. Transliterasi penting banget kanggo nepangake teks-teks lawas kang katulis kanthi hurup dhaerah amarga akeh wong kang wis ora kenal utawa ora akrab maneh karo seratan dhaerah. Sajrone nglakokake transliterasi, prelu melu pedoman kang ana sesambungane karo klompoke tembung, ejaan, lan pungtuasi. Kepriye diweruhi, teks-teks lawas diserat tanpa nyawang unsur-unsur tata tulis kang minangka jangkepane wajib kanggo mahami teks. Bab iki ana gayutane karo gaya pancitraan kang ngandhut kadadayan-kadadayan tartamtu kanggo dinikmati bebarengan (Baried, 1985, 64).

### Puisi Jawa Tradhisional

Sadurunge ngandharake ngenani *puisi* Jawa modern luwih prelu ngaweruhi *puisi* Jawa tradhisional. *Puisi* Jawa tradhisional umume arupa *puisi* tembang. *Puisi* kang ditembangake miturut *lagu-lagu* kusus kanthi iringan gamelan lan bisa tanpa gamelan. Dadi *puisi* tradhisional Jawa ora bisa dipisah karo seni swara. *Puisi* tembang Jawa akeh jinise lan diperang dadi telu golongan yaiku: (1) *puisi* tembang macapat, (2) *puisi* tembang tengahan, lan (3) *puisi* tembang gedhe. Kang kalebu sajrone *puisi* tembang macapat yaiku: Kinanthi, Pucung, Asmaradana, Mijil, Maskumambang, Pangkur, durma, Sinom, lan Dandanggula. Dene kang kalebu *puisi* tembang tengahan yaiku: Megatruh (dudukwuluh), Gambuh, Wirangrong, Blabak, lan Juru demung, lan kalebu *puisi* tembang gedhe yaiku: Girisa.



Puisi tembang kaiket sajrone aturan. Pangripta *puisi* tembang Jawa kudu eling guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Saben *puisi* tembang nduweni jumlah gatra lan guru lagu dhewe-dhewe. Saliyane iku pagripta *puisi* tembang kudu eling marang watak saben *puisi* tembang. Amerga saben *puisi* tembang nduweni watak. Iku kabeh ngenanani *puisi* tembang. *Puisi* tembang Jawa tradhisional nduweni jinis *puisi* liya. Jinis *puisi* liya yaiku kang aran Parikan, Geguritan, lan Singir.

### Parikan

*Puisi* kang aran parikan iku padha karo *puisi tradhisional* Melayu utawa *pantun*. *Puisi* pantun iki dumadi saka patang gatra *bersajak* /abab/. Ananging ana uga kang dumadi rong baris *bersajak* /aa/. Kang dumadi saka patang gatra, loro gatra kawiwitan minangka *sampiran*, dene rong gatra sabanjure minangka isi.

### Guritan

*Puisi* kang aran Guritan, utawa Guguritan, gatrane ora netep. Umume saben gatra isine wolung wanda. Uni saben akir gatra swarane padha. Saben guritan tansah didhisiki karo ukara kang unine *sun gegurit*, yaiku *aku mengarang/membuat guritan*. Guritan iki diucap pawongan minangka *sindiran* kahanan bebrayan nalika wektu iku. Guritan uga ngandhut unsur pendhidhikan. Iku ngenani *puisi* guritan. Guritan saiki ngalami owahan teges. Saiki nduweni teges *puisi* bebas. Kamangka istilah guritan, utawa guguritan, utawa geguritan sajrone *puisi* tradhisional beda teges karo kasusastran Jawa modern.

### Singir

Jinis *puisi* sabanjure yaiku *puisi* kang aran Singir yaiku asil kasusastraan Jawa tradhisional saka pondhok pesantren. Tembung Singir asale saka tembung Syi'ir kang teges *perasaan*. *Puisi* kang aran Singir iki padha karo *puisi* tradhisional melayu kang asale saka kasusastraan Arab kang aran Syair. *Puisi* Singir *bersajak* /aaaa/ lan saben gatra nduweni wanda tetep, yen *puisi* tembang digunakake kanggo nyerat crita-crita lan babad-babad kang asipat umum kamangka *puisi* Singir ora kaya mangkono.

*Puisi* tembang kanggo nyerat carita Panji, carita Ramayana, carita Bratayudha, carita Menak, Babad Tanah Jawi, Babad Giyanti, lan sapiturute. Dene *puisi* Singir kusus kanggo nyerat carita-carita kang dijupuk saka sejarah Islam, Hadis, Al-Qur'an babagan ngenani kauripan agama, ajaran agama, lan filsafat agama Islam. Kamangka iku kitab-kitab Singir iki, kang kaserat sajrone basa Jawa kang ana campuran tembung-tembung Arab kanthi seratan huruf Arab-Jawa (pegon) (Suripan, 1975: 22-25).

Jinis *puisi* Jawa tradhisional kang prelu sinebut maneh kayata *puisi* kang urip sakupenge bocah-bocah. Bocah-bocah nalika dolanan asring *diiringi* nganggo tembang. Tembang-tembang iku awujud *puisi* kang ora kaiket karo aturan kusus. *Puisi* mangkono minangka *puisi* bebas nanging kaya oleh uni kang trep. Tembang-tembang bocah iki akeh kang kaangkat dening para ahli krawit banjur ditembangake dening para sindhen lan

diiringi gamelan. Ananging senjata *puisi* bocah-bocah iku minangka *puisi* bebas. *Kebebasan* iku ora kaya *kebebasan* Jawa modern. *Ketradhisional* isih krasa sajrone *puisi* bocah-bocah.

### Syair

Suwiji maneh jinis *Puisi lama* yaiku Syair. Syair dumadi saka patang gatra, saben gatra ngandhut patang tembung kang saora-orane dumadi saka 9 nganti 12 wanda. Bedane karo parikan yaiku kapapat gatra sajrone Syair minangka siji bageyan saka *puisi* kang luwih dawa. Sajrone Syair uga ora nduweni unsur-unsur *sindiran*. Akhiran guru lagu yaiku /aaaa/.

R. O. Winstedt nduweni pamawas yen Syair, wiwitane tuwuh sajrone sastra Melayu nalika abad kalimalas sajrone Syair Ken Tumbuhan. Bukti-bukti kang onjo yaiku nggunakake tembung-tembung Kawi kayata lalangan (kebun), tembung Jawa kayata ngambara lan ngulurkan. Unsur-unsur Jawa kang ana sajrone Syair Ken Tumbuhan durung mesthi asale saka basa Jawa dening pangriptane. Bisa wae asale saka carita Panji lan wayang kang kasebar ing alam Melayu nalika jaman biyen. Sajrone sastra Jawa tuwuh jinis *puisi* kang asale saka Syair, yaiku Singir. Wujud Syair sajrone basa Nusantara kajaba Sangir sajrone basa Jawa kang asale saka Syair Melayu (Fang, 2011: 562-564).

### Aspek Eskatalogi

Gambaran umum ngenani carita eskatalogi yaiku bab-bab ngenani alam akherat. Pangerten Eskatalogi yaiku *doktrin* ngenani akhir, ngandharake ngenani keyakinan kang ana gayutane karo kedadeyan-kedadeyan akhir uripe manungsa kayata pati, dina akhir, akhire alam donya, pengadilan akhir, suwarga lan neraka (Sibawaihi sajrone Syuhada, 2008: 28). Bab-bab kang ana gayutane karo dina kiyamat, kematian, suwarga lan neraka, anane piwalesan lan hukuman nalika pawongan kudu gelem tanggungjawab amal becik lan alane dhewe-dhewe. Kabeh iku kang adhedhasar carita eskatalogi.

Ana wektune saben manungsa nduweni sadhar marang awake dhewe kang ora tau dialami ing wektu sadurunge, gayutane karo amale manungsa (Rahman sajrone Syuhada, 2008: 29). Nalika iku manungsa madhep lang tanggungjawab marang apa kang wis dilakoni ing alam donya nalika dina kiyamat. Prastawa ing alam akherat yaiku siji kasunyatan kang kudu diyakini sajrone ajaran agama Islam saben kang dianut.

### Hermeneutik

Hermeneutika nduweni pangerten minangka teori utawa metodhe kanggo napsirake, kang dadi penapsiran yaiku teks nanging ana pangrembakane, wewatesan kanggo objek tansaya gedhe lan amba, ora mung teks, saliyané iku uga ana manungsa lan kabudayan. Hermeneutika bisa diarani minangka proses ngowahi saka kahanan ora ngerti dadi saya ngerti (Sumaryono, 1999: 24).

Hermeneutik sajrone karya sastra yaiku sawijining metodhe ngerti teks kang bakal diudal kanggo nelaah teks karya sastra. Hermeneutik uga trep kanggo maca karya sastra lan ngaji sastra, ora mung arupa wujud saka sastra

mau nanging sawijining aktivitas sajrone sastra kalebu *interpretasi* (napsirake).

## METODHE

Panliten iki nggunakake metodhe *deskriptif analitik*. Metodhe *deskriptif analitik* mujudake sawenehing metodhe kang ditindakake kanthi dheskripsikake kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi titingan (Ratna, 2004; 53). Kanthi metodhe *deskriptif analitik*, panliten iki bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani suntingan teks sarta isi kang kinandhut sajrone teks *Singir Kiyamat*. Dene panliten *kualitatif* iki bakal ngandharake kanthi hermeneutika (penafsiran) makna sajrone teks kanthi nemtokake arti *primer* kanthi langsung, njlentrehake teges-teges kanthi cara *implisit*, nemtokake tema, banjur njlentrehake teges-teges *simbolik* sajrone teks.

Kaya kang wis diandharake, panliten iki nganalisis teks sastra mau, titingan utawa nganalisis dilakoni kanthi nengenake prinsip-prinsip metodhe *kualitatif* sarta *hermeneutik*. Pamarekan *hermeneutik* ditegesi padha karo metodhe “maca”. Pamarekan *hermeneutik* yaiku proses napsirake objek adhedhasar *kinvensi* sastra utawa *interpretasi* (Endraswara, 2007: 67). Metodhe hermeneutika minangka aplikasi sipat *kualitatif* ing panliten iki kang nengenake aspek penafsiran utawa *intrepretasi*. Kajaba iku, sadurunge ditapsirake, teks uga kudu dingerteni kanthi alamiah. Panliten iki mujudake saperangan panliten kang nggunakake metodhe gegambaran utawa *deskriptif*. Metodhe *deskriptif* yaiku metodhe kanthi dhasar kasunyatan kang ana sawijining kadadeyan, kanthi *empiris* urip ing panuture, kang asile bisa awujud andharan. Amerga saka jinise panliten iki kalebu *kualitatif* kang nggunakake metodhe *deskriptif*, mula panliten iki sinebut panliten *kualitatif deskriptif*. Titingan tumrap naskah *syiir kiyamat* iki, kaleksanan kanthi njlentrehake transliterasi, suntingan teks lan nganalisis isi kang kinandhut kadadeyan-kadadeyan.

Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku naskah kang wis oleh pangribawa agama islam kanthi irah-irahan Teks *Singir Kiyamat*. Irah-irahan iku sejatine irah-irahan kang asli kang wis saka asale. Sajrone naskah kasebut ngandhut tema tartamtu supaya bisa njupuk dudutan isine, uga supaya gampang anggone panliten nliiti naskah kasebut. Semana uga kang digawe panliten kanggo nliiti awujud naskah lawas.

Naskah iki diduweni pawongan pribadi amerga pawongan kasebut pengin nduweni naskah kang arupa syiir, kang duweni naskah pribadi yaiku Ibu Rini Murwati sawijining guru ing SMPN 2 Sugio. Lamongan. Naskah iki nggunakake aksara Arab lan basane nggunakake Jawa (Arab Pegon). Sumber dhata arupa *fotocopy* naskah *Syiir Kiyamat* kang asli isih ana ing daleme Ibu Rini Murwati ingkang kagungan naskah aslinipun.

Instrumen panliten yaiku piranti kang paring pambiyantu lan digunakake dening panliti ing kagiyatan ngumpulake supaya bisa luwih gampang. Ing panliten iki nindakake instrumen kanggo nglumpukake lan ngolah

dhata Teks *Singir Kiyamat* iki, instrumen utama panliten iki yaiku panliti, panliti mujudake instrumen utama. sajrone panliten iki minangka pangumpule dhata, ngandharake dhata, napsirake dhata miturut (Meleong, 2008: 168).

Kajaba panliti, uga ana instrumen panyengkuyung ing panliten iki yaiku nggunakake tetengeran tembung-tembung kang jumbuh lan nyengkuyung sajrone dhata-dhata ing naskah kang prelu kanggo panliten.

Tahap-tahap pangumpule dhata ing panliten iki gegayutan *inventarisasi* naskah, teknik pustaka lan pangumpule dhata yaiku Netepake Teks *Singir Kiyamat* minangka bahan kang dikaji. Panliti *translate* naskah lan nyunting tek sajrone Teks *Singir Kiyamat*. Panliti maca kabeh isine Teks *Singir Kiyamat* kanthi cara dibolan-baleni supaya gampang ngerti. Nyatet sekabehe dhata kang jumbuh, kang cundhuk karo sasaran lan tujuwan panliten. Kadadeyan-kadadeyan kang gegayutan karo dina akir yaiku dina kiyamat kang ana ing donya lan akarat.

Analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake nganalisis dhata teknik *deskriptif kualitatif*. Teknik kasebut digunakake dening panliti amerga panliten iki saliyan kanggo menehi gegambaran lan dheskripsikake kahanan naskah, uga dheskripsikake kadadeyan-kadadeyan sajrone Teks *Singir Kiyamat*. Uga kanggo nyengkuyung metodhe *Hermeneutik* digunakake kanggo napsirake isi sajrone naskah. Bisa diwenehi tahap-tahap saka andharan ing ndhuwur supaya luwih cetha lan gampang kanggo nganalisis naskah. Netepake Teks *Singir Kiyamat* minangka bahan kang dikaji Nyunting Teks *Singir Kiyamat* lan menehi tanggapan. Ngudal tandha-tandha akhir jaman sajrone Teks *Singir Kiyamat*. Menehi dudutan kang gegayutan karo tandha-tandha akhir jaman sajrone Teks *Singir Kiyamat* kasebut kanthi kadadeyan ana ing donya lan akarat.

## ANDHARAN

### Andharan Ngenani Naskah

#### Irah-irahan Naskah

Irah-irahan naskah ing sub bab iki bakal paring panamtu titikan sawijining naskah. Saben naskah iku beda-beda, biyasane irah-irahan naskah wis kaserat ing kaca wiwitan utawa tengah-tengah kaca naskah, bisa uga ing pungkasane kaca naskah. Semana uga ora kabeh patokan bisa ditrapake ing saben naskah, ana naskah kang ora kaserat irah-irahane kanthi cetha. Mula saka panliten iki dituntut *kreativitas* lan *ketampilan* kanggo bisa menehi titikan utawa nemtokake irah-irahan naskah. Kang pakaryan iku bisa ditindakake kanthi deleng isi naskah. Pangripta, tema, andharan ing wiwitan, tengah, lan pungkasane naskah, uga pakaryan-pakaryan liyane kang bisa nggambarake isine naskah..

#### Papan Panggonan Nyimpen Naskah

Papan panggonan nyimpen naskah ora ing museum kaya umume naskah, amerga naskah iki diduweni pawongan pribadi. Asma kang kagungan naskah menika Ibu Rini Murwati salah sawijine guru

SMPN 2 Kecamatan Sugio, Kabupaten Lamongan. Mula naskah iki disimpen wonten ing daleme yaiku Dusun Kumisik, Desa Lawanganagung, Kecamatan Sugio, Kabupaten Lamongan. Naskah menika pikantuk saking Pondhok. Panjenenganipun anggone nyimpen naskah kanthi permati yaiku dilebokake ana ing map arupa plastik supaya luwih awet lan ora gampang rusak, lan kasimpen ing njero lemari.

### **Nomer Naskah**

Nomer naskah kang dadi objek panliten iki ora nduwe nomer naskah, amerga naskah ora diwenehake ana ing museum, dadi naskah iki ora nduwe nomer inventarisasi. Naskah iki asale saka narasumber kang diduweni pribadi yaiku mung naskah tunggal.

### **Panulis lan Wektu Panulisan Teks**

Ngenani panulis naskah *Singir Kiyamat* iki wis cetha. Penyalin naskah bisa diarani minangka panulis, jalaran panulis iku nyalin lan nulis maneh naskah *Singir Kiyamat* kang wis ana sadurunge. Mula saka iku naskah *Singir Kiyamat* kasebut kang aran teks amerga wis arupa cetakan. Panulis sajrone naskah lumrahe bisa ditemokake kanthi gamblang ing manggala utawa kolofon. Sajrone *Singir Kiyamat* panulis diandharake ing manggala. dene wektu panulisan diandharake ana ing salah sawijine kaca. Kaya pethikan ing ngisor iki.

Thob'ah 'ala nafaqoh  
Asyekh Salim Bin Sa'id  
Bin Nabhan Wa Akhi Ahmad  
Miwiti nganggit ikilah syiir

ing dina isnen robiul akhir  
ing hijrah Nabi alaihissalam  
sewu telungatus kang den faham  
Punjul patlikur tetapi wilang

ing taun ehe tumut kawilang  
sawuse muji miwiti nebut  
kitabe hadis ingkang den sebut  
(kaca 2-3, gatra 13)

Pethikan ing ndhuwur bisa diandharake yen naskah kasebut kaserat kanthi paring asma Asyekh Salim Bin Sa'id Bin Nabhan Wa Akhi Ahmad. Dene wektu panulisanane dina senen, ing sasi Robiul Akhir, lan taun Ehe. Dintenipun hijrahe Nabi Muhammad SAW. Nalika taun 1324 H (1946). Andharan kasebut panulis lan wektu panulisanane iki kanggo mangerteni lan niteni sapa panulise lan kapan panulisanane naskah kasebut.

### **Bahan Naskah**

Bahan kang digunakake kanggo nulis naskah lumrahe saka lontar, kulit kayu, kulit kewan, kertas, lan sapiturute. Bahan naskah kang naya mangkono kudu dirumat kanthi cara kang tartamtu, supaya bahan naskah kasebut bisa tetep awet. Naskah *Singir Kiyamat* iki bahane saka kertas, kertase kaya HVS, lan werna kertase rada coklat. Bahan naskah *Singir Kiyamat* iki kagolong apik. Ukuran kertase ora dawa banget, sedhengan kaya buku tulis umume.

### **Tulisane Naskah (Aksara)**

Jinis aksara kang dadi objek panliten iki yaiku aksara Arab pegon. Aksara Arab kang digunakake sajrone teks kaperang saka aksara Arab, lan angka Arab. Tulisan ing teks *Singir Kiyamat* isih cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang, ora ana tulisan kang mblobor, nanging ana tulisan kang kaya ora bisa diwaca amerga kertase suwek sithik lan kaya ana coretane ora kabeh tulisane kaya mangkono mung siji loro. Tulisan naskah kasebut yaiku wis kalebu teks amerga wis arupa cetakan, ora tulis tangan asli kaya umume ing naskah aksara Jawa, nanging amerga nggunakake Aksara Arab pegon basa Jawa. Disalin arupa cetakan supaya naskah kasebut ora gampang luntur tulisane lan luwih awet nggunakake tinta warna ireng. Wujud tulisane wis mesthi jejeg lan rapi. Amerga cetakan iku wis ora ana campur tangan kanggo nyerat.

### **Isine Teks**

Sawijine kasusastran iku diripta mesthi duweni maksud utawa kecarepan tartamtu saka pangriptane. Semana uga isi sajrone teks *Singir Kiyamat* iki ngandhut maksud lan kecarepan tartamtu saka pangriptane, teks iki umume isine ngenani babagan tandha-tandha ing dina akir utawa bisa diarani dina kiyamat. Tandha-tandha kasebut gayut karo apa kang dilakoni manungsa nalika ing alam donya. Yen manungsa kasebut nglakoni ngibadah kanthi kusus, eklas, lsp besuk nalika dina kiyamat teka, bakal oleh pitulung saking *Syafaat* Nabi akir jaman yaiku Nabi Muhammad SAW.

### **Tandha-tandha Akhir Jaman Sajrone Teks *Singir Kiyamat* ing Padhang Makhsyar**

Miturut kamus pepak basa Jawa, tandha yaiku tegese tetenger, apa-apa sing dianggo nengeri (Poerwadarminta, 2001:992). Bisa uga ditegesi crita kang wis menahi katrangan lan bukti. Kerep dianggo kanggo miwiti carita kayata kalebu carita sejarah. Salah sawijine yaiku ngenani carita ana ing teks *Singir Kiyamat* yaiku ngemu babagan tandha-tandha kadadayan nalika mbesuk ing dina akir/kiyamat.

### **Panase Dina Kiyamat**

Dina kiyamat minangka rukun iman kaping lima. Iman marang dina akhir tegese yakin lan percaya apa kang didhawuhake dening Gusti Allah sajrone kitabeyaiku kitab suci Al quran lan apa kang disampekake dening Rasulullah Sawsajrone hadist ana gayutane karo prastawa kang kedaden sawise mati, wiwit fitnah kubur, azab lan nikmat kubur lan sateruse nganti suwarga lan neraka.

### **Kumpule Makhluk**

Nalika kadaden dina kiyamat, Gusti Allah ngumpulake kabeh makhluk wiwit kang utama nganti makhluk kang akir ing salah sawijina papan kang amba banget. Srengenge digawe parek pas ing ndhuwur sirahe manungsa. Panase srengenge saya kuwan, nemen nalika tekane ong dina kiyamat. Pethikan kang nuduhake njlentrehan kaya mangkono sajrone *Singir Kiyamat* bisa dideleng ing ngisor iki.



Allah ta'ala anekakaken  
Sedaya makhluk den kumpulaken  
Makhluk kang kuna lan makhluk akir  
Padha kumpulan ing dina akir

Ing arah bumi banget panase  
Kabehe makhluk pilang hendhase  
Serngenge adoh den gawe parek  
Mungguh benggange sak luthe jalak  
(kaca 3, gatra 4-7)

Pethikan ing ndhuwur sajrone isi teks *Singir Kiyamat* ngandharake yen mbesuk nalika dina akir utawa kiyamat, Gusti Allah bakal ngumpulaken kabeh manungsa dadi siji. Yaiku manungsa saka kubur lan manungsa kang nalika ngaweruhi dina akir kasebut ana ing papan kang amba banget kang aran padhang mahsyar. Ana ing papan kasebut manungsa ora preduli kahanane dheweke kepriye, manungsa kang saka kubur kahanane wuda, ora gawe sandhangan apa-apa. Kahanan kang kaya mangkono nemen banget, saking nemene nganti saben manungsa bakal mikir awaké dhewe-dhewe ora nganti mikir babagan liyane, kayata ndeleng, nyapa marang manungsa liyane ora bakal ngurusi, mung ngurusi awake dhewe-dhewe. Uga kahanan manungsa kasebut sengsara lan padha ketelak. Padha keweden amerga ana ing padhang mahsyar kasebut saking suwene ngadeg lan anane petungan hisab yaiku timbangan amal nalika nglakoni ing donya lan Gusti Allah bakal adil temen menahi piwales marang timbangane manungsa kasebut.

### **Kumpule Makhluk Marang Suwarga**

Kumpul bisa ditegesi tunggal dadi siji, ora pisah-pisah, nglumpuk, dikumpulake, didadekake siji. Salah sawijine andharan ngenani kumpul kang njlentrehake kumpule makhluk mbesuk ing dina kiyamat utawa dina akir.

### **Makhluk Kang Utama**

Suwarga lan neraka minangka papan kang bakang dipanggoni salawase sawise ngalami pati. Dheweke kang iman marang Gusti Allah, bakal oleh piwales kang arupa suwarga, suwalike kanggo sapa wae wae kang bakal mlebu neraka. Prastawa kumpule makhluk marang suwarga bisa dideleng pethikan ana ing ngisor iki.

Allah ta'ala angersakaken  
Kabehe makhluk den kumpulaken  
Ngundang-ngundang Allah ta'ala  
Ing makhluk akhir lan makhluk ula

Lah andigune ingkang utama  
Banjur jumeneng wong kang utama  
Manusa kabeh padha lumaku  
Marang suwarga kanca nging laku

Maka tumandang malakuljannah  
Perman tatakon kelawan genah  
(kaca 6-7, gatra 15-3)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake, yen Nabi Muhammad SAW dhawuh, saking kersane Gusti Allah, kabeh manungsa mbesuk dikumpulaken dadi siji makhluk akhir lan makhluk kang wis kapundhut ndhisiki sadurunge dina kiyamat. Banjur samarine wong padha dikumpulaken ana salah sawijine wong kang utama yaiku wong genah padha takon mring Gusti Allah. Nalika iku manungsa padha tetakon, nanging Gusti Allah ora percaya amerga kok gancang temen anggone lumaku marang suwarga, lan kang mrentah, nanging manungsa kabeh padha mangsuli yen dheweke wong kang sabar, uga atine becik, banjur malaikat ngendika manungsa kabeh supaya padha mlebu marang suwarga.

### **Jumenenge Traju Sipate Gendera Akhmad**

Traju tegese timbangan. Bisa uga ditegesi Mizan. Mizan utawa timbangan yaiku piranti kanggo ngukur abot orane amal nalika ing donya. Dene Mizan ing akherat yaiku samubarang kang Gusti Allah paring ing dina kiyamat kanggo nimbang amal hambane.

### **Wujude Gendera**

Maneka warna wujud gendera kang bakal dadi syafaat nalika ana kadadayan ing padha makhsyar. Supaya luwih cetha kepriye wujud gendera kang minangka bisa dadi pitulungane manungsa mbesuk. Prastawa kasebut bisa dideleng pethikan ana ing ngisor iki.

Traju timbangan bakal sinilih  
Bakdane wong neng suwarga kabeh  
Gendera Akhmad neng luhur langit  
Nuli jeng Nabi mi'raj ing langit

Andikakaken Nabi Muhammad  
Mungguh sipate gendera Akhmad  
Ing dalem dawane lan ambane  
Lakon sewun taon ing dawane  
(kaca 8, gatra 12-16)

pethikan ing ndhuwur ngandhara ke yen sajrone siji riwayat Rasulullah dadi pitakonan ngenani gendera dawa lan ambane. Nabi Muhammad ngendika dawane bisa katempuh 1000 taun, ing ngendi kaserat Lailahailallah Muhammadurasullah, lan ambane antarane langit lan bumi. Bahane saka yakut abang, cagake saka perak lan zabarjut kang wernane ijo. Dheweke nduweni 3 menara saka nur (cahya). Siji cahya ing wetan. Siji ing tengah donya. Sijine maneh ana ing kulon.

### **Ngadege Akehe Gendera**

Syafaat yaiku pitulungan saking Gusti Allah Swt. Kanthi disuwun dening wong-wong kang tartamtu, yaiku para Nabi lan Rasul, para shalihin lan para syuhada, para mukmin lan para malaikat kanggo wong kang duweni dosa, lan wis oleh idin Allah Swt.

### **Jinise Gendera**

Syafaat saking Nabi Muhammad mbesuk iku wis mesthi ana, ananging ora ngerti mbesuk manungsa

kabeh bakal oleh apa ora. Kamangka iku kita minangka makhluk Gusti Allah kudune nglakoni apa kang dadi prentahe lan ngadohi apa kang dadi larangane, kaya-kaya kita nalika ing alam donya akeh-akeh ngibadah lan melu sunnahe Rasulullah SAW. Syafaat kang arupa gendera bisa dideleng pethikan ana ing ngisor iki.

Dina qiyamat den khabaraken  
Gendera sidiq den adekaken

Iku gendera khaq Abi Bakar  
Padha neng ngisor sapa wong bener  
Lan samalihe den ucapaken  
Gendera puqohak den degaken

Muad bin jalal ingkang duweni  
Wong alim faqih ingkang manggeni  
(kaca 10, gatra 7-10)

Dina kiyamat bakal ana genendera kang maneka warna yaiku kaping siji awujud utawa kang aran gendera khaq, gendera iki bakal diklebatake dening Abu Bakar As-shidiq. Kanggo kabeh wong kang gelem njunjung babagan kang bener lan gelem jujur bakal ana ing auban gendera iki. Kaping loro yaiku gendera kang awujud utawa kang aran puqohak, gendera iki diklibatake dening Sayyidina Muad bin Jabal r.a. kanggo kabeh wong-wong kang alim lan ahli fiqih bakal ana ing auban gendera kasebut.

#### **Ngadege Makhluk**

Anane manungsa kang nalika ing dina kiyamat, dheweke yaiku makhluk kang paling ala saweruhe Gusti Allah, kita nyuwun pitulungan supaya anggone dina kiyamat mbesuk kalebu golongan wong-wong kang mukmin.

Miturut faham Ahli Sunnah Wal Jamaah, manungsa kang kawiwitan ditangekake dening Allah yaiku Rasulullah saw. Banjur manungsa-manungsa liyane. Kahanan dheweke bakal manut saka amalaan kang wis dheweke lakoni nalika urip. Nalika iku kabeh manungsa bakal riweh karo urusane dhewe-dhewe. Sahingga bocah-bocah ora kenal marang wong tuwane, uga sewalike, ora ana sedulur, ora ana donya kang migunani, ora ana dokter, ora ana presiden, lan ora ana kang kuwasa. Namung Gusti Allah kang kuwasa nalika dina Maliki Yaumuddin. Kabeh ora ana kang dipikir kajaba aapa kang dadi nasibe dhewe-dhewe kang manut amale nalika ing donya.

#### **Makhluk Kang Becik**

Donya lan saisine kabeh sing agawe urip mung Gusti Allah. Kita minangka umat Islam kudune percaya anane kasunyatan kaya mangkono, salah sawijini nasib, rizki, pati kabeh iku sing nggawe uga Gusti Allah. Ora mung manungsa/ kewan, wit-witan pokok kabeh saisine donya kang nyiptakake ora liya mung Gusti Aallah SWT. Ngenani ngadege makhluk, mbesuk ing dina akir manungsa kang wis mati bakal digawe urip maneh kaliyan Gusti ora mung manungsa kang wis mati, uga manungsa kang ngonangi dina akir. Kabeh bakal

diadegke maneh dadi siji. Ngenani andharan kaya mangkono bisa dideleng pethikan ing ngisor iki.

Mangkono dalil dhawuhe Allah  
Dinane dangundang sapa Allah  
Marang kabeh sapa manusa  
Lan kepalane kabeh manusa

Ing dalem hadis den ucapaken  
Dina qiyamah den tekakaken  
Kang padha ngadeg ing makhluk kabeh  
Lan banget ngorongi ing makhluk kabeh  
(kaca 11, gatra 9-12)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake sajrone hadis didhawuhaken nalika tekane dina kiyamat mbesuk, makhluk kabeh padha ngadeg nalika ing padhang makhsyar. Ing papan kasebut manungsa kabeh krasa ngelak banget, amerga saking panase, lan kringete pating dlewer. Manungsa kabeh padha nelangsa banget. banjur Gusti Allah ngutus malaikat Jibril marang kersane Nabi Muhammad SAW. Malaikat matur ing Nabi Muhammad supaya Gusti anggone dhawuh marang kabeh ummate Nabi, supaya bungah kabeh marang loro golongan manungsa.

#### **Manjinge Kewan Marang Suwarga**

Suwarga yaiku papan kusus kang ana kanggo wong-wong kang gelem iman lan nglaksanakake prentahe Gusti. Sajrone suwarga ana maneka warna kenikmatan kang durung nate diweruhi manungsa nalika ing alam donya. Nanging sajrone suwarga kasunyatan ana uga jinis kewan kang bisa mlebu suwarga. Suwarga minangka bebana kanggo manungsa kang iman lan taqwa, dene neraka yaiku piwales kanggo manungsa kang mblenjani janjine Gusti Allah lan durhaka marang kabeh perintahe.

#### **Maneka Warna Kewan**

Kewan tegese titah kang urip duwe pangrasa lan bisa mobah. Dene manungsa duweni pangrasa, bisa mobah, uga duweni pikir. Ora mung manungsa lan jin wae kang bisa mlebu suwarga, ananging maneka warna kewan uga minangka kang bisa manggoni suwarga. Pethikan kang ngandharake babagan kaya mangkono bisa dideleng ing ngisor iki.

Den dhawuhaken saking maqotil  
Manjinge malaku semarinthil  
Khewan kabeh tan manjing suwarga

Sepuluh khewan maning suwarga  
Awale milang asmane unta  
Khaq Nabi sholikh iku wus nyata  
Wilangan pindho pedhiyat asmane

Nabi Ibrahim ingkang duwene  
Wilagan telu iku lah dalil  
Wedhus gibas Nabi Ismail  
(kaca 13, gatra 1-4)



pethikan ing ndhuwur nyritakake sajrone dina kiyamat mbesuk bakal ana kewan kang wis mesthi mlebu swarga. Ana sepuluh kewan yaiku kaping siji kewan unta kang diduweni Nabi Shalih As, unta iki minangka mukjizat kang diwenahi dening Gusti Allah SWT. Nabi Shalih As banjur disedani dening para kaum yaiku kang aran kaum Tsamud. Amarga babagan kasebut, kamangka Gusti Allah maringi azab arupa risake kaum Tsamud kasebut lan ora ana siji kang sisa ing bumi iki. Carita ngenani kewan unta Nabi Shalih As iki bisa dideleng sajrone Al quran surah Huud ayat 64 nganti 68.

Kewan banjure kang mesthi mlebu suwarga yaiku pedhet utawa anakan sapi kang diduweni Nabi Ibrahim As. Sapi kasebut arep diwenehake marang tamune Nabi Ibrahim yaiku para malaikat kang gawa pawarta ngenani laire anak kanggo Nabi Ibrahim yaiku jenenge Ishak.

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar panliten kang wis ditindakake tumrap Teks *Singir Kiyamat*, bisa dijupuk dudutan yen Teks kang kasimpn ana ing daleme salah sawijine pawongan ing tlatah Lamongan. Amarga wis arupa cetakan, anggane nyimpen permati banget yaiku dilebokake ing map plastik banjur dilebokake ing lemari. Teks kasebut kanthi irah-irahan *Singir Kiyamat*. Bab ngenani pangripta lan wektu panulisane ana ing kaca 2 ing teks kasebut utawa purwakane naskah.

Teks *Singir Kiyamat* mujudake sawijining karya sastra kang kalebu karya sastra Jawa Pesisiran. Bab kasebut bisa diwawas saka isi lan basa kang digunakake. Teks iki awujud singir (syair, syiir). Basa kang digunakake yaiku basa Jawa Ngoko, Jawa Krama, lan tembung Kawi, utamane nganggo tembung Arab amarga tulisane nganggo Arab Pegon. Adhedhasar isine, teks iki luwih ngemot babagan agama yaiku dina akhir.

Kanggo mangerteni yen ana kaluputan teks *Singir Kiyamat*, panliten nindakake suntingan teks. Saka asiling suntingan teks banjur bisa dingerteni yen akeh kaluputan kasebut bisa jalaran kawruhe pangripta kang kurang utawa ora disengaja kaluputan kasebut bisa dideleng saka anggane ngripta tembung-tembung lan nerapake ana ing *sajak Singir*.

Adhedhasar asiling panliten Tandha-tandha Akhir Jaman Sajrone Teks *Singir Kiyamat*. Namung njlentrehake bab tandha-tandha akhir jaman kang ana ing padhang makhsyar yaiku Panase dina kiyamat, Kumpule makhluk marang suwarga, Jumenenge traju sipat Gendera Akhmad, Ngadege pirang-pirang Gendera, Ngadege Makhluk, Manjinge kewan marang suwarga.

Dina kiyamat yaiku sawijine kadadayan ajure alam donya sarta isine nalika malaikat Isrofil nyebel sangkakala ing ngatase prentahe Allah. Nalika dina kiyamat teka, ora ana makhluk kang urip kajaba Dzat Allah kang Maha kekal. Nalika sekabehe wus ajur, banjur Gusti Allah nimbali Malaikat Isrofil lan mrentahake supaya nyebel sangkakala kang kaping loro. Nalika sangkakala diunekake sekabehane umate Gusti Allah bakale tangi lan madhep diadili kanggo nanggung kabeh kang wis dilakoni nalika urip ing donya.

Tandha-tandha akhir jaman sajrone teks *Singir Kiyamat* nduweni piguna kanggo pamaca. Guna tandha-tandha kasebut yaiku nuwuhake nilai agama supaya manungsa luwih tumindak kang becik nalika ing donya mumpung durung ngonangi dina akhir, tansah akeh-akeh ngibadah marang Gusti Allah supaya besuk bisa mlebu suwarga.

## Pamrayoga

Panliten iki isih akeh kekurangane lan adoh saka tembung sampurna jalaran paliten iki mung saperangan ngandharake bab agama kang bisa dadi tuntunan tumrap pamaca. Senajan kaya mangkono panliten iki diajab bisa menahi sumbang sih tumrap panliten-panliten naskah utawa teks lawas sabanjure.

Saliyane iku, para pamaca uga diajab supaya bisa paring pamikiran anyar marang kasusastran Jawa, mligine sastra tradhisi jalaran sajrone sastra tradhisi kayata naska, ngemu saperangan piwulangan urip ing bebrayan, uga piwulang agama. Nliti karya sastra tradhisi minangka salah sawijine tumindak kanggo nguri-uri kabudayan Jawa. Mligine naskah lawas supaya ora saya ilang.

## KAPUSTAKAN

- Al qurtub, Imam. 2004. *Buku Pintar Alam Akhirat*. Jakarta: Darul Haq.
- Antunshono. 1953. *Paramasastra Djawi*. Surakarta: Soedjati Jogjakarta.
- Aziz, Abdul. 1986. *Hari Kiamat, Hari Akhir, Hari Pembalasan*. Surabaya: PT. Bina Ilmu.
- Baried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas UGM.
- Djamaris, Edward. 2002. *Metodologi Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasci Ensiklopedia Indonesi. 1980. Jakarta PT Ictiar Baru Van Hoeve.
- Endraswara, Suwardi. 2007. *Methodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Fang, Liaw Yock. 2011. *Sejarah Kasusastraan Melayu Klasik*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Hutomo, S Suripan. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Kartodirdjo, Sartono. 1993. *Pendekatan Ilmu Sosial dala Metodologi Sejarah*. Jakarta: Gramedia Pustaka.
- Katsir, Ibnu. 2002. *Huru-Hara Hari Kiamat*. Jakarta: Pustaka Al Kautsar.
- Listiyani, Dwi Ari. 2009. *Sejarah*. Jakarta: Grahadi.
- Meleong, Lexi, J. 2006. *Methodhe Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosda Karya.
- Mulyani, Hesti. 2012. *Membaca Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Purnomo, S Bambang. 2013. *Filologi dan Sastra Lama*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Poerbatjaraka, Hadidjaja. 1952. *Kapustaka Djawa*. Djakarta: Djambatan.

- Poerwadaminta, W.J.S. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres.
- Rajab, Mahmud. 2004. *Tanda-tanda Kiamat*. Jakarta: Qisthi Press.
- Ratna, Nyoman, Kutha, 2011. *Teori, Metodhe, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Razak, Nasrudin. 1989. *Dienul Islam*. Semarang: PT. Almaarif.
- Robson, R.O. 1998. *Pengkajian Sastra-sastra Tradisional Indonesia*. Dalam Bahasa dan Sastra,6(VI): 3-49.
- Semi, M. Atar. 1993. *Metodhe Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Sumaryono, E. 1999. *Hermeneutik. Sebuah Metodhe Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius.
- Supriyadi, Marwan. 2009. *Sejarah SMA*. Jakarta: PT. Perca.
- Suwarni, Sri Wahyu. 2016. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra, Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Umar, Ihsan. 1979, *Mahkama di padang Makhsyar*. Semarang. CV. Toha Putra.

#### Daptar Skripsi

- Septiana, Yunita Dewi. 2014. *Risalah Kiamat (Kajian Filologis Dan Semiotik Terhadap Naskah Syair Kiamat)*. Semarang: IAIN Walisongo Semarang.
- Syuhadah, Ali. 2008. *Hikayat Kiamat: Suntingan Teks Dan Tinjauan Eskatologi*. Semarang: UNDIP.
- Setyawati, Titik. 1996. *Suntingan Teks dan Kajian Unsur Religius Naskah Kabar Kiyamat Kabir*. Surabaya: UNESA.

#### Internet

- <http://ketajamanhati.blogspot.com/2010/02/panasnya-hari-kiamat.html>.
- <http://www.infoyunik.com/2015/11/inilah-10-hewan-yang-dijami-masuk-surga.html>.
- <https://TAHAPANTAHAPAN%20KEJADIAN%20HARI%20KIAMAT%20-%20Salafy.or.id.html>.
- [https://panasnya%20hari%20kiamat%20\(%20Bagian%20Pertama%20\)%20-%20Artikel%20Dakwah%20Haji%20Sunaryo.html](https://panasnya%20hari%20kiamat%20(%20Bagian%20Pertama%20)%20-%20Artikel%20Dakwah%20Haji%20Sunaryo.html).
- <http://tqrrevolution.blogspot.com/2009/11/215-tanda-tanda-kiamat-versi-jayabaya.html>.